

8 mwayen pou prepare pou enskripsyon

- 1. Enfòmasyon sou Mache SHOP la.** Gade pou wè si biznis ou kalifye pou Mache SHOP la ak kijan li ka benefisye ou menm ak anplwaye w yo. Itilize Kalkilatè pou Ekivalan Anplwaye Foultaym (FTE) a ki nan [HealthCare.gov/shop-calculators-fte](https://www.healthcare.gov/shop-calculators-fte) pou wè si ou kalifye.
- 2. Pale avèk anplwaye w yo.** Chèche konnen kisa anplwaye w yo bezwen kòm pwoteksyon asirans. Sa pral ede w pran desizyon konsènan ki sa pou asirans lan kouvri, epitou ou pral gen yon ide sou ki kantite anplwaye ki ka patisipe. Ou dwe satisfè yon minimòm to patisipasyon pou achte pwoteksyon asirans atravè Mache SHOP la. Itilize Kalkilatè pou Minimòm To Patipasyon SHOP la ki nan [HealthCare.gov/small-businesses/shop-calculators-mpr](https://www.healthcare.gov/small-businesses/shop-calculators-mpr) pou wè konbyen nan anplwaye w yo ki dwe aksepte òf pou pwoteksyon asirans ou an.
- 3. Gade plan sante ki ka disponib pou ou.** Pou wè plan sante ak plan dantè avèk pri yo, ale sou sit entènèt la nan [HealthCare.gov/see-plans/#/small-business](https://www.healthcare.gov/see-plans/#/small-business).
- 4. Etabli bidjè w.** Reflechi sou kantite lajan ou kapab depanse pou pwoteksyon asirans kolektif. Epitou, se pou w konsidere konbyen kòb anplwaye w yo ka depanse pou pwoteksyon asirans yo.
- 5. Reflechi sou ki lè pou kòmanse.** Ti antrepriz ka kòmanse ofri pwoteksyon asirans Mache SHOP la nenpòt lè pandan ane a. Se pou w chwazi yon mwa pou kòmanse pwoteksyon asirans lan. Konsidere ki peryòd ki pi bon pou ou ak pou anplwaye w yo.
- 6. Chèche konnen si ou kalifye pou yon kredi enpo.** Zouti pou Estimasyon Kredi Enpo poutèt Benefis Swen Sante nan Ti Antrepriz la ka ede detèmine si antrepriz ou kapab kalifye pou Kredi Enpo poutèt Swen Sante nan Ti Antrepriz la, epitou li ka detèmine konbyen ou ka benefisye. Ale nan [HealthCare.gov/shop-calculators-taxcredit](https://www.healthcare.gov/shop-calculators-taxcredit).
- 7. Òganize ou.** Rasanble enfòmasyon debaz sou biznis ou a, tankou yon lis anplwaye foultaym ak pat-taym ke ou gen lentansyon kouvri anba asirans lan, avèk tou nimewo Idantifikasyon Fiskal ou.
- 8. Jwenn ed.** Ajan ak koutye lisansye ki anrejistre pou travay avèk Mache SHOP la ka ede w konsidere opsyon ou genyen pou pwoteksyon asirans yo e yo ka ede w ranpli aplikasyon an, jeneralman san ou menm oswa anplwaye w yo pa gen pou peye frè adisyonèl pou sa.

Se dwa w pou resevwa enfòmasyon ki nan pwodui sa a sou yon lòt fòm. Se dwa w tou pou anrejistre yon plent si ou santi yo diskrimine kont ou. Ale sou entènèt la nan <https://www.cms.gov/About-CMS/Agency-Information/Aboutwebsite/CMSNondiscriminationNotice.html>, oswa rele Sant Apèl Mache a nan 1-800-318-2596 pou gen plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-855-889-4325.



Enfòmasyon sou SHOP Marketplace

Health Insurance for Small Businesses



SHOP Marketplace
Health Insurance for Small Businesses

CMS Product No. 11630-Haitian-Creole
Revised September 2016

Mache SHOP la ede ti anplwayè ki gen ant 1 ak 50 anplwaye, ofri asirans sante, nan pifò eta yo. Atravè Mache SHOP la, ou ka jwenn pwoteksyon asirans prive pou swen sante ak swen dantè e a pri abòdab, pou ou ak anplwaye w yo.

Mache SHOP la

Li ba w kontwòl

Antanke yon anplwayè, ou kontwole pwoteksyon asirans ke w ofri e ou kontwole ki kantite ou kontribye pou prim anplwaye w yo.

Li ba w fleksibilite ak chwa pou pwoteksyon asirans

- Ale sou entènèt la nan [HealthCare.gov/small-businesses](https://www.healthcare.gov/small-businesses) pou revwa opsyon ou genyen pou pwoteksyon asirans yo e pou deside ki sa ki pi bon pou biznis ou a.
- Ofri anplwaye w yo pliske yon plan nan plis pase yon konpayi asirans, oswa seleksyone yon plan ou vle ofri.
- Ofri pwoteksyon asirans nenpòt lè pandan ane a.

Li ka ede w kalifye pou yon kredi enpo

Lè ou ofri pwoteksyon asirans Mache SHOP la, ou kapab kalifye pou Kredi Enpo poutèt Benefis Swen Sante nan Ti Antrepriz, ki ka ekivo a jiska 50% (jiska 35% pou anplwayè ki gen egzanpsyon enpo) pou kontribisyon ou fè sou montan prim yo. Pou kalifye, ou fèt pou:

- Gen mwens pase 25 anplwaye ekivalan fultaym (FTE) ki touche yon mwayèn de apeprè \$50,000 pa ane oswa mwens.
- Peye omwen 50% nan montan prim yo pou FTE yo. Ekonomi sou taks yo ekivo a jiska 50% nan kontribisyon ou fè pou montan prim anplwaye yo (jiska 35% pou anplwayè ki gen egzanpsyon taks).

Li fè l fasil pou konpare opsyon pwoteksyon asirans yo

Mache SHOP la prezante detay sou pri ak pwoteksyon asirans yo, nan yon fòm estanda, avèk yon langaj senp ki fè l byen fasil pou konpare opsyon pou pwoteksyon yo. Ou ka konpare plan yo baze sou pri, benefis, ak lòt karakteristik ki enpòtan pou ou e pou anplwaye w yo.

Li ofri plan sante ke konpayi prive jere

Se konpayi asirans sante prive ki jere plan yo, menm jan yo jere plan pou ti gwoup yo. Tout plan sante yo ofri menm seri benefis sante esansyèl yo, ki enkli vizit kay doktè, swen prevantif, ospitalizasyon ak preskripsyon. Epitou genyen limit sou diferans nan prim ke konpayi asirans yo ka chaje baze sou laj, ak restriksyon pou pa chaje endividyèl yo plis baze sou kondisyon medikal yo genyen ki egziste deja.

Jwenn Èd

Gen 3 fason pou jwenn repons pou kesyon w yo.

- 1. HealthCare.gov:** Gen yon varyete resous ak zouti pou Mache SHOP la pou ede w jwenn pwoteksyon asirans ki bon pou biznis ou.
- 2. Ajan ak Koutye:** Ekspè ki lisansye nan domèn asirans ki anrejistre avèk Mache SHOP la ka ede w pran yon desizyon e yo ka ede w avèk pwosesis enskripsyon an, jeneralman, san ou pa gen pou peye anyen pou sa. Ale sou entènèt la nan [LocalHelp.HealthCare.gov](https://www.localhelp.healthcare.gov) pou chèche yon ajan oswa koutye ki nan zòn kote w ye a.
- 3. Sant Apèl SHOP la:** Ou ka kontakte Sant Apèl SHOP la nan **1-800-706-7893**, lendi a vandredi, 9 a.m. - 7 p.m. Lè Zòn Lès. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 711 pou pran kontak ak yon reprezantan sant apèl SHOP la.